# SAǴÍYDULLA ABBAZOV – BALALAR YUMORIST SHAYÍRÍ SÍPATÍNDA

**Esbosinova Dilara Jańabaevna**
*NMPI tayanısh doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17703753

***Annotaciya.*** *Maqalada tiykarınan qaraqalpaq balalar poeziyasında yumor – bul jas kitap oqıwshılardı kúldiriw, olarda kóterińki keypiyat oyatıw menen birge, olardı ádep-ikramlılıq sabaqlarına baǵdarlaytuǵın ózine tán ádebiy jónelis ekenligi ashıp beriledi.*
***Gilt sózler:*** *yumor, satira, yumorlıq obrazlar, tımsal.*

***Аннотация.*** *В статье высмеивается юмор в поэзии застенчивых детей - эту книгу читают, и подчеркивается, что это литературное произведение, которое наряду с поэзией книги учит хорошим манерам.*
***Ключевые слова:*** *юмор, сатира, аллегорический сюжет, тимсал.*

***Abstract.*** *The article ridicules the humor in the poetry of shy children - this book is read, and emphasizes that it is a literary work that, along with the poetry of the book, teaches good manners.*
***Keywords:*** *humor, satire, humorous images, comparison.*

Dúnya ádebiyattanıw iliminde kórkem ádebiyattıń ajıralmas bir bólegi bolǵan balalar ádebiyatınıń jaratılıw tariyxı, payda bolıw derekleri, janrlıq qásiyetleri, kórkemligi, ádebiy-estetikalıq hádiyse sıpatında bul ádebiyattıń ózine tán qásiyetlerine úlken itibar qaratılmaqta. Kórkem ónerdiń ayrıqsha bir bólegi bolǵan yumor áshkaralaw óneri sıpatında beriliw usılları, obrazlılıǵı, tárbiyalıq áhmiyeti menen balalar ádebiyatında da óziniń ayrıqsha áhmiyetine iye. Qaraqalpaq balalar ádebiyatında yumor – bul jas kitap oqıwshılardı kúldiriw, olarda kóterińki keypiyat oyatıw menen birge, olardı ádep-ikramlılıq sabaqlarına baǵdarlaytuǵın ózine tán ádebiy jónelis esaplanadı. Bul baǵdarda jazılǵan dóretpeler kóbinese kúlkili waqıyalar, bórittirilgen obrazlar, sóz oyını hám ápiwayılıǵı menen ajıralıp turadı. Qaraqalpaq balalar poeziyasında bul janr ózine tán ráwishte klassikalıq ádebiyat penen xalıq awızeki dóretpelerinen sabaq alǵan dóretiwshi shayırlarımız tárepinen jáne de bayıtılmaqta. Bunday mazmundaǵı shıǵarmalar kishkene kitap oqıwshılardıń dúnyaqarasınıń keńeyiwine xızmet etiw menen birge, didaktikalıq syujetler olardıń xarakterine de óziniń unamlı tásirin tiygize alıwı sózsiz.

Balalar ádebiyatında yumordıń tutqan ornın, yumorlıq obrazlardıń jasalıwın analizlew júdá áhmiyetli wazıypa. Sebebi, balalar ádebiyatı – biyǵam ádebiyat. Onda balalarǵa tán bolǵan hárqıylı tuyǵılar, arzıw-úmitler, ideallar óz kórinisin tabadı. Házirgi waqıttaǵı balalar poeziyası da insan balalıǵı sıyaqlı ápiwayı hám biyǵam sezimlerge qurılǵan. Balalar bir tárepten, aqıllı, márt, batır, hújdanlı, watan súygish bolsa, ekinshi

tárepten, shoq, oyınǵa qumar, erinshek, jalqaw, bazı da nápsin tıya almaslıǵı, ashkózligi menen dıqqattı ózine tartadı. Balalar álemi áyne usı tárepleri menen úlkenlerden ózgeshelenedi. Psixologiyalıq kózqaraslardan bizge málim bolǵanınday, úlkenlerde xarakter qásiyetleri tolıq qáliplesken bolıp, ómirde júz berip atırǵan hárbir hádiysege aqıl menen jandasadı. Insanlar arasında ushırasatuǵın ayırım unamsız tipler bolsa ózine tán tábiyatı menen parıqlanıp turadı hám bular ayrıqsha yumorlıq boyawlar arqalı kórsetilip beriledi. Al kishkeneler áleminde bolsa biyqararlıq bar bolıp, olardıń tábiyatında ushırasatuǵı ayırım nuqsanlar, kemshilikler waqıt ótiwi menen aqıldıń tereńlesiwi, pikirlerdiń tınıqlasıwı, oqıw, bilim alıw hám túrli tárbiyalıq qurallar nátiyjesinde unamlı tárepke ózgeriwi múmkin.

Balalar tábiyatında ushırasatuǵın maqtanshaqlıq, erinsheklik, ashkózlik, ótirik sóylew sıyaqlı illetler balalar poeziyasında yumorlıq obrazlar jaratıwdıń tiykarı esaplanadı. Sonlıqtan da balalar ádebiyatınıń úlken bólegin yumorlıq dóretpeler quraydı. Balalar ádebiyatınan tereń orın alatuǵın dóretpelerdi haqıyqıy talant iyeleri jarata aladı. Professor A.Rasulov jazǵan edi: "Kúliw, kúldiriw – yumordıń áhmiyetli belgisi. Talantlı insanlar ǵana kúldiredi, kúydiredi, kerek bolsa, jılata aladı. Sheber dóretiwshiler ǵana satiranı, yumordı tolıq túrde kitap oqıwshıǵa usına aladı." [1:191]

Qaraqalpaq balalar ádebiyatında balalardıń súyikli qaharmanlarına aylanıp ketken yumorlıq obrazlar kóplep jaratılǵan. Atap aytqanda A.Aqnazarov, X.Saparov, Sh.Atamuratova, J.Seytnazarov, S.Abbazov h.t.b. dóretiwshilerdiń jaratqan yumorlıq obrazlar álleqashan balalardıń mánawiy múlkine aylanıp úlgerdi. Bul dóretpeler haqqında K.Allambergenov, S.Qazaqbaev sıyaqlı ádebiyatshı alımlar óz pikirlerin bildirgen.

Atap aytqanda, balalarǵa sıqaqshı shayır sıpatında tanılǵan Saǵıydulla Abbazov: "shıǵarmalarındaǵı kúlkili sıqaqlı qosıqları balalar sıqaqshı shayırı dárejesine kóterdi"[2:196]. Shayır S.Abbazov "Meniń inim" kitabına kirgen qosıqlarında balalardıń jas ózgesheliklerine qaray otırıp, kúlki sıqaqqa qurılǵan waqıyalar tiykarında kitap oqıwshı jas áwladtı ózine tartadı. "Meniń inim" qosıǵında shayır sabaqtan tómen oqıytuǵın inisin, al ol arqalı barlıq jalqaw balalardı áshkara etiw menen birge:

Kúndeligin kórsem ashıp,
Qoya berer mazam qashıp.
Kúnde alǵan bahaları,
Úshten alǵa ótpes asıp, - dep onıń sabaqlardan jaqsı bahalarǵa oqımaytuǵınlıǵına kewli tolmay tursa, onıń minez-qulqındaǵı:

Sál nárseге óshigedi,
Sabaǵınan keshigedi,
Eregisse úkesine,

Qayır bermes úy ishine, - dep minezindegi usınday kemshiliklerdi áshkaralap, úkesine endi jaman ádet hám minez-qulıqtan qutılıp, jaqsı bala bolıw ushın sheberlik penen:

Eger qoysa usı minin,

Jaman emes meniń inim, - dep kewlin alıp, endi jaqsı bala bolıwı ushın xoshamet te berip qoyadı.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatı jıldan-jılǵa san jaǵınan da, ideyalıq hám tematikalıq sapası jaǵınan da bayıp barmaqta. Hárbir dóretiwshi eń dáslep ádebiyat maydanına balalarǵa arnalǵan dóretpeleri menen kirip keledi, óziniń dáslepki júrisin sonnan baslaydı. Eń dáslep baqsha turmısın yamasa mektep turmısın sóz etiwshi shıǵarmalar turmıstan alınıp jazılıp, olardıń azǵana bolsa da jeńil kúlki yamasa házilge qurılıwı jas oqıwshınıń kórkem shıǵarma oqıwǵa degen ıqlasın jáne de arttırıwı sózsiz. Shayır “Umıtshaq pa, salaq pa?” degen qosıǵında Sálim degen balanıń hám umıtshaq, hám salaqlıǵın kúlkili qatarlar arqalı áshkaralaydı. Mektep oqıwshısı Sálim sabaqqa bir neshe pánge bir ǵana dápter tutıp júrgenligi, hátte súwret dápteriniń de bir mushın russ tiline arnaǵanlıǵı, hátte bir kúni ákesiniń portfelin ózimdiki dep sabaqqa alıp kelgenligi kúlkili qatarlar arqalı beriledi:

Umıtpaymız bir sapar,
Dım ersi is ekenin,
Ózimdiki dep ákelipti,
Papasınıń portfelin.

Mine, usınday sıqaqqa bay dóretpeleri arqalı S.Abbazov balalardıń dostı hám jaqın sırlası bola aldı.

Al, “Gúlzardıń túyesi” qosıǵı bolsa júdá kúlkili bir syujetke qurıladı. Gúlzar awıldaǵı doslarına: – Apam qaladan túye alıp keldi, - dep maqtanadı. Jáne ol: –Biraq, ol túyeniń túri tawıqqa uqsaydı, - dep te qoyadı. Awıldaǵı dosları bolsa bul qanday túye eken? – dep kóriwge qushtar boladı. Sońında:

Anıqlandı túri-túsi xabardıń,
Túsinigi shala bolǵan ballardıń,
Túyetawıq bolıp shıqtı izinde,
«Túye» dep júrgeni biziń Gúlzardıń.

Usılayınsha mektep jasındaǵı kishkene balalardıń maqtanshaqlıq sıyaqlı illeti áshkaralansa, ekinshi tárepten heshbir xabardı anıq bilmey turıp sóylemewge úgitleydi.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatında yumor – bul jas kitap oqıwshılardı kúldiriw, olarda kóterińki keypiyat oyatıw menen birge, olardı ádep-ikramlılıq sabaqlarına baǵdarlaytuǵın ózine tán ádebiy jónelis esaplanadı. Bul baǵdarda jazılǵan dóretpeler kóbinese kúlkili

waqıyalar, bórittirilgen obrazlar, sóz oyını hám ápiwayılıǵı menen ajıralıp turadı. Qaraqalpaq balalar poeziyasında bul janr ózine tán ráwishte klassikalıq ádebiyat penen xalıq awızeki dóretpelerinen sabaq alǵan dóretiwshi shayırlarımız tárepinen jáne de bayıtılmaqta. Bunday mazmundaǵı shıǵarmalar kishkene kitap oqıwshılardıń dúnyaqarasınıń keńeyiwine xızmet etiw menen birge, didaktikalıq syujetler olardıń xarakterine de óziniń unamlı tásirin tiygize alıwı sózsiz.

**Ádebiyatlar:**

1. Расулов А. Бетакрор ўзлик. – Тошкент: Mumtoz so’z, 2009.
2. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı: oqıw qollanba / K.Allambergenov, I.Qurbanbaev, S.Kazaxbaev. – Tashkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
3. Abbazov S. Meniń inim. Nókis, 1964.